



Pou Piblikasyon Imedya: 05/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 3 MILYON DOLA POU ETID POU REDWI RISK INONDASYON NAN KOMINOTE A

*Etid sou Rediksyon Inondasyon nan Pwogram Resilient NY yo Pral Idantifye
Pwojè Priyorite yo nan 48 Rivyè ki Pwopis a Inondasyon*

*Etid yo Sipòte Efò New York ap Fè pou Amelyore Rezistans Kominotè pou
Evènman Metewo Ekstrèm yo, Inondasyon ak Blokis Glasyal yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke eta a ap dedike 3 milyon dola pou etid modèn yo pou ka redwi inondasyon ak blokis glasyal yo epi amelyore ekoloji nan 48 rivyè priyorite ki pwopis a inondasyon toupatou nan Eta New York. Etid yo pral anplwaye teknik modelaj ki avanse yo ak evalyasyon tèren yo pou ka idantifye pwojè priyorite yo ak mezi pou ka redwi risk inondasyon ak blokis glasyal nan kominote a yo, pandan ke yo ap amelyore abita yo.

“New York ap itilize pi bon syans ki disponib yo pou ka gide efò nou ap fè yo pou adapte a evènman metewo ekstrèm yo ki koze pa chanjman klimatik nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Rezistans New York fas a inondasyon se yon priyorite ijan epi etid akselere sa yo pral bay kominote yo yon plan global pou ka evite pi move efè inondasyon fiti yo ak blokis glasyal yo.”

“Nou ap investi pou ede redwi inondasyon nan kominote ki pwopis a inondasyon yo lè metewo ekstrèm yo frape”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Finansman sa a pou etid rediksyon inondasyon yo pral itilize teknoloji ki avanse yo nan yon efò pou diminye inondasyon ak blokis glasyal yo ki te koze pa gwo tanpèt yo. Zòn yo toupatou nan mond lan te afekte pa dezaz natirèl yo, epi nou ap kontinye travay pou ranfòse preparasyon nou epi pote repons pou evènman sa yo kòm yon konsekans chanjman klimatik yo.”

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Biwo pou Sèvis Jeneral lan (Office of General Services, OGS) Eta New York lan pral reyalize etid yo nan kad pwogram Resilient NY (NY Rezistan) Gouvènè Cuomo a. Yo te seleksyone basen vèsan ki se gwo priyorite yo baze sou divès faktè, tankou frekans ak gravite inondasyon ak blokis glasyal yo, anplè domaj inondasyon pase yo, ak siseptibilite pou inondasyon ak fòmasyon blokis glasyal nan fiti yo.

Etid sou inondasyon nan pwogram Resilient NY an yo pral identifye koz inondasyon yo nan chak basen vèsan, epi devlope, evalye, epi rekòmande pwojè rediksyon danje inondasyon ak blokis glasyal yo ki efikas epi ke yo ka jere sou plan ekolojik yo. Yo pral identifye epi evalye pwojè rediksyon inondasyon ke yo pwopoze yo apati itilizasyon modelaj idwolojik ak idwolik pou ka detèmine yon fason kantitatif rekòmandasyon pou rediksyon inondasyon yo ki pral abouti a pi gwo avantaj rediksyon inondasyon yo. An plis, etid sou rediksyon inondasyon yo pral enkòpore dènye previzyon chanjman klimatik yo epi evalye danje blokis glasyal yo kote yo te identifye blokis yo kòm yon menas pou sante ak sekirite piblik.

Komisè DEC Basil Seggos te di, “Refi chanjman klimatik yo se pa yon estrateji pou redwi evènman metewo ekstrèm ak inondasyon yo. Enpak ki ap ogmante akòz yon klima ki deranje epi kontinye deranje a yo te rive epi yo prevwa ke yo pral vin pi mal. Òdone pa Gouvènè Cuomo, New York ap travay agresivman pou ka redwi degajman gaz a efè sèr yo epi redwi pi move enpak chanjman klimatik yo. Nou ap travay tou pou redwi enpak previzyon inondasyon yo ki prevwa ke yo pral vin pi mal yon nivo konsiderab nan ane ki gen pou vini yo epi pwoteje kominote nou yo kont danje”.

Komisè OGS yo la, RoAnn Destito te di, “Mwen te kanpe tou bò kote Gouvènè Cuomo nan twòp okazyon pou abòde pwoblèm inondasyon yo nan kominote Eta New York yo apre evènman metewo ekstrèm yo, epi li klè ke chanjman klimatik yo pral kontinye atire ka ijans ki an rapò ak dlo yo. Mwen kontan dèske OGS kapab ede sipòte efò DEC ap fè yo pou devlope plan rediksyon inondasyon yo pou ke nou ka mete plan sa yo an aksyon”.

DEC ak OGS te konsève de antrepriz konsiltasyon anviwònmantal ke yo rekonèt onivo nasyonal pou prepare etid Resilient NY yo. Konsiltan yo pral travay ak ekspè DEC yo ak minisipalite yo pou ka kolekte enfòmasyon ki enpòtan sou inondasyon ak blokis glasyal yo nan chak basen vèsan priyorite yo, epi itilize enfòmasyon sa a pou devlope pwojè ak mezi rediksyon inondasyon espesifik yo.

Etid sou rediksyon inondasyon ki koute 3 milyon dola yo pou sipòte inisyativ Resilient NY an yo ap jwenn sipò prensipalman atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund) Eta a. Etid sou rivyè yo ke yo te lanse jodi a ap ajoute sou Inisyativ Rekonstwiksyon Kominotè NY Rising lan (NY Rising Community Reconstruction Initiative) ak 13 etid sou rezistans fas a inondasyon ke te konplete anvan sa yo apre inondasyon New York Santral la an Jiyè 2013.

Etid yo pral gen ladan yo yon evalyasyon branch prensipal Rivyè Mohawk la ki pwopis a inondasyon. Basen vèsan adisyonèl ki gen gwo priyorite epi ki pwopis a inondasyon yo ki nan pwogram Resilient NY an gen pami yo:

Konte	Basen Vèsan
Cattaraugus	Grannis Creek
Chautauqua	Silver Creek
Chautauqua	Walnut Creek
Chautauqua	Canadaway Creek
Chautauqua	Crooked Brook
Erie	Ellicott Creek

Erie	Ransom Creek
Erie	Gott Creek
Erie	Buffalo Creek
Erie	Cazenovia Creek
Erie/Niagara	Cayuga Creek
Erie/Niagara	Eighteenmile Creek
Erie	Connoisarauley Creek/Cattaraugus Creek
Niagara	Donner Creek
Niagara/Wyoming	Tonawanda Creek
Wyoming	Cattaraugus Creek/Clear Creek
Madison	Chittenango Creek
Madison	Oneida Creek
Monroe	Irondequoit Creek
Onondaga	Butternut Creek
Ontario	Honeoye Creek
Oneida	Fish Creek
Essex	Ausable River
Essex	Boquet River
Washington	Mettawee River
Washington	Indian River
Clinton	Great Chazy River
Clinton	Little Chazy River
6 Konte	Tout Branch Prensipal nan Rivyè Mohawk
Delaware	Branch Lès nan Rivyè Delaware, anba rezèvw a
Delaware	Branch Lwès nan Rivyè Delaware, anba rezèvw a
Warren	Rivyè Hudson ki nan Komin Thurman (blokis glasyal)
Rockland	Sparkill Creek
Rockland	Minnisceongo Creek
Rockland	Hackensack River
Rockland	Mahwah River
Rockland	Ramapo River
Rockland	Saddle River
Dutchess	Wappinger Creek
Dutchess/Columbia	Roeliff Jansen Kill
Ulster	Main Street Brook
Greene	Catskill Creek
Columbia/Rensselaer	Stockport Creek
Franklin	Rivyè Salmon ki nan Komin Fort Covington (blokis glasyal)
Otsego	Butternut Creek
Otsego	Cherry Valley Creek
Otsego	Otego Creek
Tioga	Rock Creek

Senatè Tom O'Mara, Direktè Sena Komite pou Konsèvasyon Anviwònmantal (Senate Environmental Conservation Committee), te di, "Eta New York dwe kontinye ak travay enpòtan sa a nan pwojè pou ranfòse epi amelyore kalite basen vèsan nou yo, epi kontwòl inondasyon yo se yon gwo priyorite".

Manm Asanble Steve Englebright, ki se Prezidan Komite Asanble a pou Pwoteksyon Anviwònmantal an (Assembly Environmental Conservation Committee) te di, "Ak menas kondisyon metewo ekstrèm ki toujou ap ogmante yo akòz chanjman klimatik yo, envestisman sa yo nan efò rezistans yo enpòtan pou asire ke kominote basen vèsan nou yo atravè Eta a yo prepare pou inondasyon ak blokis glasyal yo. Modèl envestisman sa yo toujou mwen chè epi mwens ankonbran pou kominote yo pase efò repons yo apre yon inondasyon rive. Mwen kontan dèske New York ap panse yon fason pwoyaktif sou fason ki pi efikas yo pou ka redwi menas sa yo".

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)